EURASIAN JOURNAL OF SOCIAL SCIENCES, PHILOSOPHY AND CULTURE
Innovative Academy Research Support Center
UIF = 8.2 | SJIF = 6.051
www.in-academy.uz




# RUWXIYLIQTIŃ SOCIO-MADENIY FENOMEN SIPATINDAĞI ÓZGESHELIKLERI

**Janabaev Jalgas Tolıbaevich**
Qaraqalpaq mámleketlik universiteti "Sociallıq pánler" kafedrası
assistent oqıtıwshısı
https://www.doi.org/10.5281/zenodo.10074267

**ARTICLE INFO**
Received: 29th October 2023
Accepted: 02nd November 2023
Online: 03rd November 2023

**KEY WORDS**
*Ruwxıylıq, iskerlik, sana, biliwlik, sociallıq aktivlilik fenomeni, ruwxıy mádeniyat, aktivlik, subyekttiń intensivligi, progress.*

**ABSTRACT**
*Maqalada ruwxıylıq túsinigine filosofiyalıq analiz berildi hám bir qatar ruwxıylıq máselesindegi ilimiy ádebiyatlardan, ilimiy jumıslardan paydalanıldı. Sonıń menen birge ruwxıylıqtıń socio-madeniy fenomen sıpatındağı ózgeshelikleri keltirildi.*

Ruwxıylıq kategoriyasi shaxstıń social-materiallıq rawajlanıwın kórip shığıwda tereń filosofiyalıq tiykarlarğa iye bolğanı ushın hárdayım ilimde aktual máselelerden bolıp kelgen . Kóp sanlı filosofiyalıq kategoriyalar menen bir qatarda metodologiyalıq apparattı quraytuğın kópshilik ilimiy sistemalarda "bolmıs" hám "sana" kategorıyaları baslanğısh esaplanadı, olar hár qanday obekt, qubılıs hám hádiyselerdiń eń zárúrli ózgesheligin ańlatadı. Sonıń menen birge sana hám bolmıstıń óz-ara baylanıslılığı máselesi máńgi bolıp tabıladı.

Ruwxıylıq túsinigi quramalı filosofiyalıq túsiniklerden biri bolıp tabıladı. Ayırım filosoflar onı "ruwx" jaratıwshı birlik penen baylanıstıradı hám sol sebepli ruwxıylıq táriypin olar diniy-filosofiyalıq teoriyalar kóz qarasınan ashıp beredi. Batıstıń idealistlik filosofiyalıq túsiniklerinde "ruwx" sóziniń mánisi "shaxs" túsinigine jaqınlastırıladı. Házirgi zaman filosofiyasında aqılğa say baslanıw, sanalı ruwx dep ataladı, solay eken, sanalı shaxs bul jónelislerde ruwxıy shaxs esaplanadı.

İnsan ómirin belgilep beriwshi obyektiv faktorlar hám olardıń subektiv sáwleleniwindegi quramalılıqtıń ósiwi filosofiyalıq oyda moral, ruwxıylıq máselelerine bolğan qızığıwshılıqtıń artıwına sebepshi boldı. Moral hám ruwxıylıq máseleleriniń analizi tek ğana ilmiy áhmiyetke iye bolıp qoymastan, ol tikkeley praktikalıq máselelerdiń sheshliwi menen de baylanıslı. Globallasıw processleri hár turli bahalıqlar sistemalarınıń, hár turli mádeniyatlardıń soqlığısıwına, bunday qarama-qarsılıqlarda milletler, mámleketler bir putinligine qáwip salıwshı jağdaylardıń kelip shığıwına da alıp kelmekte. Bunday qáwip biziń elimizdegi sociallıq, ruwxıy processlerinde de kórinedi.

Ruwxıylıq mashqalasına dıqqat qaratıw kóp tárepten socialliq ómirdiń tiykarğı principleriniń tez ózgeriwi menen baylanıslı jağday arqalı belgilenedi, sol sebepli ol bólek úyreniwdi talap etedi. Eger biz socialliq tema haqqında, anığırağı - shaxs haqqında aytatugın bolsaq, ol jağdayda onıń " pútinligi" niń fundamentallıq tiykarı ruwxıylıq bolıp tabıladı.

Insannan basqa hesh bir tiri organizm hám jansız predmet ruwxıylıq qásiyetine iye emes. “Ruwxıylıq” túsiniginiń kóp qırlılıǵı, ulıwma alǵanda, jannıń ruwx tárepinen ózgeriwi menen baylanıslı. “Haqıyqatında da, jan ruwx tárepinen ózgertirilse, ruwxıylıqtıń ózi payda boladı”[1,11].

Ruwxıylıqtı socio-madeniy fenomen sıpatında ashıp beriw onıń jámiyettiń ruwxıy turmısındaǵı ornın túsiniw imkaniyatın beredi. Házirge shekem ádebiyatlarda ruwxıylıqtı din yamasa moral menen birlestirgen kóz-qaraslar bar. Álbette, ruwxıylıqtıń bul formaları menen ruwxıylıqtıń ózi ortasında jaqın baylanıslılıq bar, lekin ruwxıylıqtı bir pútinlik retinde onıń formalarınan birine kemeytiw nadurıs. V. D. Shadrikov " Ruwxıylıq bolmıstıń turmıslıq mánisin ańlaw sıpatında" maqalasında "haqıyqıy ruwxıylıqtı dóretiwshilik penen, insaniyat tárepinen jaratılǵan mádeniyat penen shaxs tárepinen mádeniyattı rawajlandırıwǵa qaratılǵan barlıq narseler menen birlestiriledi"[2].

Guseynov A. A. hám Apresyan R. P. “Etika” kitabında ruwxıylıqtı kúndelik turmıstı jeńiw jolı dep esaplaydı. Avtorlardıń pikirine kóre, bolmıstıń individuallasıw momenti haqıyqıy ruwxıylıqtıń bólekshesi bolıp, onıń mánisi tek ǵana kúndelikli turmısqa qarsı turıwda, sonıń menen birge kúndelikli turmısqa qosımsha mánislerdi kirgiziwde bolıp tabıladı [3].

Ruwxıy mádeniyat óziniń konkret formalarında tariyxıy bolıp tabıladı. Sociallıq óz-ara tásirdiń mazmunı hám dinamikasın organikalıq túrde anıqlaw ushın ózgeriwsheń hám ózgeriwi kerek hám ol arqalı - socialliq doretiwshiliktiń ózi de. Bunday óz-ara tásir hám dóretiwshiliktiń ruwxıy mádeniyat ham sociallıq texnologiyalar ortasında geyde júzege keletuǵın qarama-qarsılıq, sociallıq dóretiwshiliktiń bólek subyektleri tárepinen ruwxıy mádeniyat mazmunı hám dúzilisine dogmatikalıq múnásibetten derek beredi. Bunday qarama-qarsılıqlardan shıǵıw jolı shaxstıń ayrıqsha baha baǵdarlarınıń tuwrı dúzilisi hám ierarxiyasında jatadı. Joqarı dárejedegi qádiriyatlar hár qanday shaxstıń minez-qulıqlarında sociallıq hám tártipke salıwshı bolıwı kerek.

Kórsetilgen socio-madeniy regulyator barlıq sırtqı sociallıq-institutsional regulyatorlar tiykarında jatadı, olar burınnan socialliq doretiwshiliktiń rásmiy tárepin sáwlelendiredi. Bunday sırtqı sociallıq hám institutsionallıq tártipke salıwshılarga mısal retinde diniy qadaǵan etiwler, huqıqıy normalar, úrp-ádetler hám dástúrlerdi atawımız múmkin. Kórinip turıptı, olardıń barlıǵı shaxstıń ózi madeniy bolǵan, mádeniyattıń haqıyqıy qádiriyatların ózlestirgen dárejede isleydi. Óziniń ruwxıy ámeliyatı dawamında ruwxıy mádeniyat eń joqarı qádiriyatların ózlestirgen hám olardı óz sana-sezimine ham minez-qulqında tuwrı shólkemlesken shaxs ózin ózi belgileytuǵın, social juwapkerli, tabıslı ózin ózi basqarıw qábiletine iye bolǵan shaxsqa aylanadı. Óytkeni, ol qashannan berli ózi ushın bul qaǵıyda jaratıwdı ámelge asırǵan, ruwxıy mádeniyattıń málim qádiriyatların óz minez-qulqlarınıń tártipke salıwshısı retinde tańlaǵan hám kerisinshe, adam qanshellilik sada bolsa, ol óziniń "ruwxıy jumısına" qanshellilik kem itibar qaratsa, ol qanshellilik sociallıq juwapkershiliksiz hám ózin ózi belgilewge, óz-ózin basqarıwǵa hám qaǵıyda jaratılıwına ılayıq bolmasa, sırtqı manipulyacıya ushın sonshelli qolaylaw bolıp tabıladı. Tek ruwxıy mádeniyat insandı sociallıq dóretiwshiliktiń haqıyqıy subyektine aylandıradı hám adamlar ortasındaǵı sociallıq óz-ara munasibetlerdi ózi eń joqarı qádiriyatları menen toltıradı.

Mádeniyattıń adamlardıń sociallıq minez-qulıqlarına tásiri, ámeliy moraldı qáliplestiriw bizge talay tıyanaqlı kórinedi hám qollap-quwatlawǵa ılayıq bolıp tabıladı. Biraq bul tendenciya

shaxstıń sociallıq dóretiwshiligi fenomeniniń pútkil sociomadeniy dinamikasın tamamlamaydi. Mádeniyatlardıń integraciyalasıwı ham bul arqalı socialliq doretiwshiliktiń mánisi haqqındaǵı ideyalarımızdı universallastırıw hám birlestiriw sıyaqlı tendenciya da áhmiyetlilew hám mashqalalı.

Ulıwmaınsanıylıq qádiriyatları tárepdarları hám dástúriylik tárepdarları ortasındaǵı tartıs uzaq waqıttan berli dawam etpekte: biraq bunday internacionalizaciya ushın " maqullaw" hám " qarsı" argumentler hár eki tárepte de bar. Soǵan qaramay, milliy ekonomikalardıń globallasıwı, milliy mádeniyatlardıń siyasiy integraciyası hám jaqınlasıwı sharayatında sociallıq dóretiwshilik fenomenini úyreniw kontekstinde sociallıq-materiallıq dinamikanıń bul kórinisin ańsat ǵana biykar etiw ápiwayılıq boladı. Álbette, onıń sociallıq-mádeniy dinamikasın analiz qılıw mashqalası bul hádiyseniń genezisindegi basqıshlardı, onıń ishki hám sırtqı rawajlanıw tendenciyaların anıqlaw menen tawsılmaydı.

Juwmaq ornında sonı da aytıw kerek, ruwxıylıqtı zamanagóy jámiyettiń sociallıq-mádeniy hádiysesi retinde jáne de tereńirek úyreniw hám oy-pikir júrgiziwdi talap etedi.

## References:

1. Антропология социального творчества / Под ред. К.П.Стожко. – Екатеринбург: ИД «Стягъ», 2011.
2. Шадриков В.Д. Духовность как реализация личностного смысла бытия // Школа духовности. – 2000. – № 2.
3. Гусейнов А.А., Апреян Р.Г. Этика. – М.: Гардарики, 2004.